

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throwway this bad sickness comot for our country.

Coronavirus na serious threat to Naija pipo -- wey be over 180 million – because the healthcare system weak, the pipo dey very poor, the living conditions no good and the Government too dey corrupt. Economic and insecurity conditions for Naija dey bad before this coronavirus kasala burst, and Naija dey already score fail for health parameters; pipo too dey die and life expectancy dey poor. When and if coronavirus enter communities wey get high population for Naija, kasala go burst.

E dey important make Naija handle this pandemic in a way wey dey progressive and transparent, to ensure the well-being of citizens, build resilience and prevent any social conflict wey fit happen sharp sharp. This na huge challenge for Naija, but na also opportunity to renovate public health systems, improve relationship between Naija pipo and those who dey in power, and improve governance.

## NAFDAC don approve AstraZeneca vaccine

National Agency for Food and Drug Administration and Control, don approve the Oxford-AstraZeneca COVID-19 vaccine make we dey use am for Nigeria. E get some things wey you need know about the vaccine:

- The Oxford-AstraZeneca vaccine, wey dem codename AZD1222, na the second COVID-19 vaccine wey WHO don approve so far, after the Pfizer-BioNTech vaccine
- COVAX facility don already allocate 16 million doses of the vaccine to Nigeria, while we still dey expect more doses under the African Union arrangement
- WHO don approve two versions of the vaccine for emergency use and na Serum Institute of India and SKBio for South Korea dey produce dem
- NAFDAC Director General, Dr Mojisola Adeyeye don confirm say the vaccine dey effective against the B.1.1.7 COVID-19 strain of coronavirus wey dem first discover for UK wey don enter Nigeria
- One study of 2000 people bin talk say the vaccine no dey too work against the 501Y.V2 strain of coronavirus, wey full South Africa. NAFDAC don already talk say this strain no dey for Nigeria

## COVID-19 vaccines compared

S/N	COMPANY	TYPE	DOSES	STORAGE
1	Oxford Uni-Astrazeneca	Viral vector (genetically modified virus)	2	2 to 8°C
2	Moderna	RNA (part of virus genetic code)	2	-25 to -15°C (7 months)
3	Phizer-BioNTech	RNA	2	-80 to -60°C (6 months)
4	Gamaleya (Sputnik V)	Viral vector	2	-18.5°C (liquid form) 2 to 8°C (dry form)
5	Sinovac (CoronaVac)	Inactivated virus (weakened virus)	2	2 to 8°C
6	Novavax	Protein-based	2	2 to 8°C
7	Janssen	Viral vector	2	2 to 8°C

## Private Laboratories for Nigeria wey dey do COVID test

NCDC don approve 38 private laboratories for COVID-19 testing for Nigeria. Na dem be dis:

S/N	LABORATORY	STATE	PHONE NUMBER	ADDRESS
1	Accunalysis Medical Diagnostics	Anambra	0816 765 8136	Anglecan Junction, Oba new Road before St. Mary Angelican Church Nnewi
2	Edo Specialist Hospital	Edo	0901 829 6396	Plot 1. Sapele Road Benin City, Edo State
3	Lily Clinics Hospital	Edo	No Number Provided	No. 16 Edo-Osagie Street, GRA, Benin City
4	Safety Molecular Pathology laboratory, Enugu	Enugu	0705 834 8968	44 Rangers Avenue, Independence Layout, Enugu
5	E - Health Africa (EHA) Laboratory	FCT	080-342 254 6427	Asba & Dantata Street, off Life Camp roundabout (Jabi), Abuja, Nigeria
6	Medicaid Laboratory	FCT	0703 004 4300	Plot 665 T.O.S. Benson Crescent, Utako, Abuja
7	Cedarcrest Hospital Molecular Laboratory	FCT	0908 700 5760 0809 515 7906 0809 515 5552	No. 2 Sam Mbakwe Street, Apo. Abuja
8	DNA Labs FCT	FCT	0803 788 0765 0806 909 0924	91 4th Avenue, Gwarinpa, Abuja
9	54 Gene	FCT	0704 092 1277	Maitama Gardens, 3645 Ibrahim Babangida Way Maitama
10	E-clinic Diagnostics	FCT	0701 000 2008 0905 731 4851 0908 750 3497	3, Agadez Street, Off Aminu Kano Cres, Wuse 2 900288, Abuja
11	Clina Lancet Laboratory	FCT	0906 244 6907 0704 653 3040 0703 850 2683 0704 618 1630 0704 554 1687 0704 618 1361	1 Yedseram Close, Off Ibrahim Babangida Way, Opp. Farmers Market, Maitama
12	Everight Diagnostics	FCT	N/A	2 Fez Street off Kumasi Crescent, Wuse 2

S/N	LABORATORY	STATE	PHONE NUMBER	ADDRESS
13	Arab Labs	Anambra	0805 696 6127 0903 304 4118	Exhibition pavilion Hebert Macauley Way, Garki, Abuja, FCT
14	Everight Diagnostics	Imo	0816 881 2732	17 Bank/Assumpta Road, Owerri, IMO
15	DNALabs Kaduna	Kaduna	0703 564 3663 0806 044 8905 info@dnalabs.com.ng	Kinkino road, off sultan road, Unguwar Rimi, Kaduna
16	E - Health Africa (EHA) Laboratory, Kano	Kano	0800-342 254 6427	33 Lamido Crescent Nassarawa GRA, Kano, Nigeria 4-6 Independence Road, Kano
17	Sahel Laboratory, Katsina	Katsina	+234 913 687 7380 +234 806 590 0072 +234 803 113 5265 sahelconsult@yahoo.com	Sahel Medicare Laboratory Katsina
18	Clina Lancet	Lagos	01 7001310 – 339 0704 618 1360-1 0704 653 3040	3 Babatunde Jose Street, off Adetokunbo Ademola Street, Lagos
19	O2 Medical Services	Lagos	0811 904 5519	Plot 134A, Festac Access, #7 General Hospital Rd, Gbagada, Lagos
20	Biologix Support Services	Lagos	0806 958 3073 0808 484 6534	56C Olorunlogbon street, Anthony Village, Lagos
21	Afriglobal Medicare, Lagos	Lagos	0813 984 1355 01 629 1000 0800 080 8080	8 Mobolaji Bank-Anthony Way, Ikeja
22	Clinix Healthcare	Lagos	0706 618 6358	12, Alhaji Adejumo Avenue, off Gbagada-Oshodi expressway, Ikeja Lagos
23	Zaine Lab	Lagos	0904 640 0000 0806 134 8550 0806 134 8431	6b Bendel Close, Off Bishop Aboyade Cole Street, Victoria Island
24	Vcare Diagnostics Limited	Lagos	0708 063 1400	100 Adetokunbo Ademola Street, Victoria Island, Lagos
25	Medburry	Lagos	0908 899 9900 0902 733 1921	7B Admiralty Road, off Admiralty Way, Lekki Phase I, Lagos
26	54 Gene	Lagos	0906 281 5677	3 Simeon Akinolu street by Techno oil, Oniru, Victoria Island. 17 Billings Way, Oregun Ikeja
27	Union Diagnostics	Lagos	0802 335 6891 info@uniondiagnostic.com.ng	43, Tejuosho street, Surulere.
28	Wellmed healthcare limited.	Lagos	0802 930 7274 0805 672 31601 contact@wellmedhealthcareltd.com	Km 52 Lekki Epe expressway beside Ajiwe police station Ajah.
29	Acouns Laboratory.	Lagos	0905 300 2875 acounslab@gmail.com	Km 12, lekki epe expressway, Ikota, Lagos.
30	Arrive Alive Diagnostics & Imaging Services Laboratory.	Lagos	0809 183 8811 0809 183 8855 info@arrivealiveltd.com	35 Cole Street, Off Mabo Street, Ojuelegba, Surulere, Lagos
31	Medilag Consult Laboratories	Lagos	0806 611 7865 medilagconsultlabs@gmail.com	113 Tafawa Balewa Plaza , College of medicine, Idi Araba.
32	The Specialist Laboratories	Lagos	0808 469 417 thespecialistlaboratories@gmail.com	6, Sodipo Street off Fashoro Surulere Lagos.
33	LASUCOM Molecular Biology Laboratory	Lagos	0809 663 3500 molecularlaboratory@lasucom.edu.ng	MRC Building, 1-5 Oba Akinjobi Way, Ikeja GRA, Lagos.

S/N	LABORATORY	STATE	PHONE NUMBER	ADDRESS
34	Harley and Rainbow Specialized Laboratories	Lagos	0708 209 1185 0708 201 4235 customer care@harleyandrainbowspecializedlaboratory.com	#72, Adeniyi Jones, Opposite Lagoon Hospital, Ikeja.
35	Lifecenter Medical Diagnostics	Lagos	0909 505 9596 0802 087 3597 0818 322 2220 hello@lifecentermedicals.com	13, Kenneth Agbakuru street Opposite Motherless Babies Lekki Phase 1 Finnih Medical Centre 42, Oduduwa Crescent, Ikeja GRA Ikeja
36	Mecure healthcare limited	Lagos	0700 063 2873	Debo industries compound, plot 6, block H, Oshodi industrial scheme, Lagos, Nigeria
37	Synlab	Lagos	0700 0026 7662, 0703 178 7238, 0700 7284 2273, Whatsapp- 0810 460 7653	Plot 9a/b Egbeyemi street, off Coker road, ilupeju, Lagos
38	Medbury Services Limited	Rivers	Email - riverscovid19testing@medburymedicals.com.ng	No. 1, Car Link Road, GRA Phase 3, Port Harcourt, Rivers State, Nigeria

## YEYE TORI



VS



## TRUE TALK

You fit use Ivermectin take cure COVID-19

Merck, the original makers of Ivermectin, don warn say e no get any meaningful evidence say the drug get any treatment effect for COVID-19 patient.

COVID-19 vaccine fit make me test positive for coronavirus

No approved COVID-19 vaccine go make you test positive for any virus. But if your body come generate immune response after you take the vaccine, you fit test positive for COVID-19 antibodies.

Older adults no go fit take the vaccine

In most countries now wey officials dey roll out the vaccine, older adults dey get priority, because na dem dey get highest risk of severe sickness.

COVID-19 vaccine fit affect my fertility

E no get any current evidence say antibodies wey form from COVID-19 vaccination fit cause any problems with pregnancy.

The vaccine fit cause autism

E no get any scientific evidence say vaccines dose or any ingredients wey dey inside the vaccine fit cause autism or make e increase for body.